связи. При этом можно констатировать и обратное влияние различных сфер жизнедеятельности социума на религию.

Эффективность и степень воздействия религии на общество зависят от места и времени, во многом они обусловливаются тем, какие процессы в нём доминируют-сакрализации или секуляризации. Сакрализация приводит к тому, что под религиозные санкции попадают и публичная, и частная жизнь. Секуляризация, напротив, приводит к ослаблению регулятивной функции религии.

Можно по-разному оценивать роль религии в жизни общества. Нет единого мнения и о том, что ждёт религию в будущем. Тем не менее, несомненно, одно: без религии, без учета её влияния невозможно развитие истории и социальных отношений любого цивилизованного общества.

**Литература**

1. Конт О. Дух позитивной философии. Курс положительной философии. Общий обзор позитивизма. Система позитивной политики. / Западноевропейская социология XIX века. -М.: Международный университет Бизнеса и Управления, 1996, -С. 711.
2. Спенсер Г. Основания социологии: тексты по истории социологии XIX-XX вв.: хрестоматия / под ред. В.И.Добренькова, Л.П.Белова. -М.: «Наука», 1994, -С. 383.
3. Вебер М. Избранные произведения: Пер. с нем. / -М.: «Прогресс», 1990, -С. 808.
4. Дюркгейм Э. Элементарные формы религиозной жизни. // Мистика. Религия. Наука. Классики мирового религиоведения. пер. с англ. / под ред. А.Н.Красникова. -М.: 1998, -С. 175.
5. Фрейд З. Будущее одной иллюзии. –М.: АСТ, 2009, -С. 256.
6. Фрейд З. Тотем и табу. СПб.: Алетейя, 1997, -С. 222.
7. Юнг К. Проблемы души нашего времени. -М.: Прогресс «Универс», 1993, -С. 336.
8. Юнг К. О психологии восточных религий и философий. -М.: 1994, -С. 253.
9. Фромм Э. Душа человек. -М.: Республика,1992, -С. 429.
10. Фромм Э. Иметь или быть? -М.: «Прогресс», 1990, -С. 336.
11. Московичи С. Машина, творящая богов. -М.: Центр психологии и психотерапии, 1998, -С. 560.
12. Allport G.W., Ross J. M. Personal religious orientation and prejudice. Journal of Personality and Social Psychology. 1967 №5, p. 432-443.
13. Oser F., Gmunder P., Ridez L., L'homme, son developpement religieux, 1991.
14. Glass J, Bengtson V.L., Dunham C.C. Attitude Similarity in Three-Generation Families: Socialization, Status Inheritance, or Reciprocal Influence? // American Sociological Review. 1986. Vol. 51 №5, p. 685–698.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада ёшларнинг диний тушунчалари, ҳамда уларни диний ижтимоийлаштириш масалалари таҳлил қилинган. Жумладан, ҳар хил олимларнинг динни ўрганишга муносабати, қарашлари ва шахсда динлиликни ривожлантириш босқичлари ўрганилган. Диний ижтимоийлаштириш тушунчасининг моҳияти, шахснинг диний сифатларининг ривожланишига таъсир эътувчи олтита таъсир кўрсаткичи ёритилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье приводится актуальность изучения персональной религиозности молодых людей, а также религиозной социализации. Рассматриваются научные подходы разных авторов к изучению религии, как социального аспекта, религиозности, а также этапов её развития. Приводится определение понятию религиозной социализации, продемонстрировано шесть типов влияний, которые оказывают воздействие на развитие персональной религиозности.

**SUMMARY**

The article deals with the study of young people's personal religiosity and religious socialization. Different authors' scientific approaches to the study of the religion, as a social aspect of religiosity, as well as the stages of its development were considered in the article. There is given the definition to the notion of religious socialization, six types of influences, which render the impact on the development of personal religiosity were demonstrated in the article.

## МӘНАЎИЙ МИЙРАС – ЖӘМИЙЕТ ТИРЕГИ

**А.Утамбетова** - *филология илимлериниң кандидаты*
**М.Шавкатова** - *Дене мәденияты факультети 2-курс студенти*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** мустақиллик, миллат, ҳаёт, келажак, мамлакат, тарих, инсонпарварлик, ёшлар.
**Ключевые слова:** независимость, национальность, жизнь, будущее, республика, история, человечность, молодёжь.
**Key words:** independence, nationality, life, future, republic, history, humanity, youth.

Мәнаўий мийрасымыздың негизги дәреклери төмендегилерден ибарат: әййемги тарийхый естеликлер, археологиялық қазылмалар, этнографиялық дәреклер, топонимикалық дәреклер, жазба дәреклер, шаңарақтың тарийхый дәреклери.

Халық мәнаўияты, салт-дәстүрлери, үрп-әдетлери миллийликтен келип шығады ҳәм тарийхый әҳмийетине қарай баҳалы саналады.

Ҳәзирги ўақытта ҳәр бир халықтың өзине сай мәденияты әсирлер даўамында басқа халықлардың мәдений жетискенликлеринен ажыралмаған ҳалда жүзеге келеди, раўажланады. Ҳәр бир әўлад мәдений байлықты жаңадан жаратпайды, бәлки цивилизация даўамында қәлиплескен материаллық, мәнаўий байлықларды қабыллайды ҳәм байытады.

Елимиздиң Биринши Президенти 1998-жылы 26-июльде тарийхшы илимпазлар ҳәм журналистлер менен сәўбетлесиўиндеги “тарийхымызды билмей, келешек жоқ” атамасындағы баянатында: “Аяўсыз дәўир сынаўларынан аман қалған, ең әййемги тас жазыўлар, битиклерден баслап, бүгин китапханаларымыз ғәзийнесинде сақланып атырған 20 мыңнан аслам қолжазба, оларда жәмленген тарийх, әдебият, көркем өнер, сиясат, тәрбия, философия, медицина, математика, физика, химия, астрономия, архитектура, дийқаншылыққа байланыслы он мыңлаған шығармалар бизиң бийбаҳа мәнаўий байлығымыз, мақтанышымыз. Бундай үлкен мийрасқа ийе болған халық дүньяда жүдә аз. Соның ушын да бул бойынша дүньяның санаўлы мәмлекетлери ғана бизлер менен беллесе алыўы мүмкин…” – деген еди.

Тарийх - бул адам өмириниң өзинше бир энциклопедиясы. Ол мәденият ҳәм илим, ол әдеплиликтиң қорғаўшысы, ол үрп-әдет.

Демек, өткенди билместен тарийхый тәжирийбелерди жуўмақламастан, оны улыўмаластырмастан, алға қарай жүриў яки әҳмийетли бир жоба дүзиў мүмкин емес. Себеби, адам жәмәәтиниң өсиўи оның әсирлик дәстүрлеринен ғәрезли. Олай болса өз тарийхын билмей турып, оның сабақларын санаға сиңдирмей турып табыслы жасаўға болмайды. Сонлықтан да, Биринши Президентимиз И.А.Каримов «Мәнаўият өз халқының тарийхын, мәдениятын, оның алдын ала белгиленген ўазыйпасын терең түсиниўге тийкарланған ўақытта ғана қүдиретли күшке айналады» деген еди [1:28].

Мәнаўий мийрас ҳаққында сөз жүритиўден алдын улыўма цивилизация, мийрас, атап айтқанда мәдений мийрас ҳәм мәнаўий мийрас түсиниклериниң өзине тәнлилигиниң қәсийетлери, айырмашылықларын билип алыўымыз керек болады. Себеби, мәнаўий мийрас улыўма мийрастың яғный мәдений мийрастың қурамына киретуғын оның бир бөлими болып есапланады. Мәдений мийрасты түсинбей турып, мәнаўий мийрасты түсиниў қыйын. Бул түсиниклер улыўмалық болса да, олар бирдей емес, өз ара айырым тәреплериниң қәсийетлери менен парықланады. Ҳәр бир жәмийет ҳәм дәўир өз мәденият типине ийе болады. Жәмийет дәўир өзгериўи менен оның мәденият типи ҳәм мәнаўийлигинде өзгериў, жаңаланыў болады. Бирақ, мәдений раўажланыў үзилиске түсип қалмайды, алдыңғы мәдениял, цивилизация жоқ болып кетпейди, ал, мәдений мийрас сыпатында сақланып қалады.

Мийрас - инсанияттың ҳәр бир тарийхый басқышында жасаған әўладлары тәрепинен жаратылған ҳәм кейингисине жетип келген барлық материаллық ҳәм мәнаўий байлықлар болып есапланады. Мәдений мийрас та мийрас шеңберине киреди, бирақ, оннан бираз парықланады. Өтмиштеги барлық мәденият естеликлери мийрас сыпатында сақланып қалыўы мүмкин. Бирақ олардың барлығы да мәдений қәдириятқа ийе бола бермейди. Мәдений мийрас та адамзаттың келешек раўажланыўына, мәнаўий байыўына хызмет қылатуғын, оған унамлы тәсир көрсететуғын қәдирияттың әҳмийетине ийе болған тәреплери есапқа алынады. Өтмиштеги әўладлар жаратқан естеликлердиң барлығы да мәдений мийрас бола бермейди, себеби, өтмиштен қалған нәрселердиң барлығы да қәдирият әҳмийетине ийе болмаўы мүмкин. Мәселен, кеңеслик дүзим дәўиринде жаратылып, оның сиясатын, идеологиясын өзинде сәўлелендирген, ал ҳәзирги күнде өз өмирин жасап өткен китаплардың бүгинги күн ушын да, келешек ушын да қәдириниң әҳмийети жоқ. Дурыс, олар мийрас, бирақ мәдений мийрас емес, оларды тарийхый факт сыпатында сақлап қойыў мүмкин. Жоқарыда айтылғанлардан келип шыға отырып, мәдений мийрас деп өтмиштеги әўладтан кейинги әўладқа қалдырылған, өмирде ҳәр қыйлы сынаўлардан өткен, инсаният тың ҳәзирги ҳәм келешек раўажланыўына хызмет ететуғын материаллық ҳәм мәнаўий мәдениятқа айтыўымыз мүмкин. Адамзаттың ҳәр бир ата-бабалары тәрепинен жаратылған мәдений байлықлары мийрас сыпатында қабыл алынады [2:31].

Тарийхый мийрас - жәмийет ҳәм оның мәдениятының раўажланыў шәрти. Мәдений ҳәм мәнаўий мийрас өз ара бир-биринен парық қылса да, оларды бир-биринен пүткиллей айырып қараўға болмайды. Мәдений мийрасты дөретиў барысында да мәнаўият, яғный инсанның мәнаўий билимлери, қәбилети, таланты ақылы, әмелий ҳәм теориялық билим тәжирийбелери, мийнеткешлиги сыяқлы мәнаўий искерлиги жатады. Мәдений ҳәм мәнаўий мийрас арасында улыўмалық та, айырмашылықлар да бар. Оларды жоқарыда айтып өтилген байланыслылық, өз ара мүнәсибет, тәсир бар. Сондай-ақ, мәдений мийрас өз көлеми жағынан мәнаўий мийрас түсинигинен кеңирек. Мәдений мийраста көбирек улыўмалық үстинлик етсе, мәнаўий мийраста өзине тәнлилик үстинлик етеди. Мәдений мийрас улыўма мәденият жетискенликлерин өз ишине қамтып алса, мәнаўий мийрас мәнаўий мәденият жетискенликлерин өз ишине қамтып алады.

Мәдений мийрастың қәдири мәңги жоғалмайтуғын бөлими миллий қәдирият деп аталады. Мәнаўий байлықлар әўладтан әўладқа, бир дүзимнен екинши дүзимге мийрас сыпатында өтеди ҳәм жәмийет оның мәнаўий раўажланыўына үлкен тәсир көрсетеди.

Мәнаўий мийрас деп узақ ҳәм жақын өтмиштеги, ҳәзирги дәўирдеги мәнаўият тәрептен жүдә қымбатлы, өшпес из қалдырған, мәңги жасайтуғын, пүткил социаллық мәпи ҳәм зәрүрлигине, жақсылыққа хызмет ететуғын улыўмаинсаний мәнаўий байлықларға айтылады. Мәнаўий мийрас мәнаўий қәдирият сыпатында көринип, оған илим, яғный философия, әдебият, көркем-өнер, әдеп-икрамлылық, диндеги реал, дүньялық тәлийматлар ҳәм т.б. киреди. Өзбекстан халық әййемги дәўирден-ақ, илим менен шуғылланған, әййемги Хорезм, Согд, Бактрия еллеринде өз заманының алдыңғы қатар илимпазлары тәбияттаныў ҳәм гуманитар пәнлерин ҳәр тәреплеме раўажландырған. XIV-XVI әсирлерде бизиң журтымызда дүньялық илимге үлес қосқан: ал Хорезмий, ал Фарабий, Беруний, Ибн Сино, Улуғбек ҳәм т.б. халқымызды мәнаўий дүньясын байытыўда оғада үлкен роль ойнады. Олардың илимий мийнетлеринде айтылған пикирлер, тәлим-тәрбиялық, социал-философиялық ойлардың қәлиплесиўинде, раўажланыўында айтарлық-тай әҳмийетке ийе болды ҳәм ҳәзирги ғәрезсизлик жағдайында халық мәнаўийлигиниң бир бөлеги болған миллий мақтаныш сезимлерин раўажландырмақта.

Мәдений мийрастың ажыралмас бөлеги ата-бабамыздан бизге мийрас болып қалған әдеп-икрамлылық нормалары, дәстүрлер, үрп-әдетлер, байрамлар болып табылады.

Ертеден киятырған әдебий көркем мәдениятымыз, анығырақ айтқанда бул халқымыздың оғада бай аўызеки дөретпелери, данышпанлық нәсиятлары, нақыл-мақаллары, бақсы-жыраўлар жырлап келген қосықлар, музыкалық дөретпелери. Мәселен, Юсуф Хас Хажиб, Махмуд Қашқарий, Аҳмед Югнакий, Хожа Ахмет Яссаўий, Бердақ, Әжинияз ҳәм т.б. уллы ойшылларымыздың дөретпелери ғәрезсизлик дәўириниң мәнаўиятын, әдеп-икрамлылығын, әдебиятын қәлиплестириўде уллы әҳмийетке ийе.

Миллий көркем өнер–халқымыздың уллы ғәзийнелериниң бири. Халқымыз оғада ерте дәўирден музыка, сүўретшилик, нағыс салыў, миллий көркем өнер, гүләлшылық ҳәм т.б. тараўларды раўажландырып отырған. Олар ҳәзирги көркем өнер түрлериниң раўажланып, байып барыўына тийкар болды.

Диний исенимлер де - мәнаўий мийрасымыздың бир бөлеги. Ислам дининиң шарапатлы китабы Қураны Кәрим, ҳәдислер-бунның айқын дәлили. Сондай-ақ, Ислам дининиң қәлиплесиўине ҳәм раўажланыўына уллы үлес қосқан данышпанлардың дөретпелери, ҳикметли сөзлери ҳәзирги заман мәнаўийлигиниң раўажланыўында үлкен хызмет етеди. Бул мәнаўий мийрасларды билмей турып, өз санамызға сиңдирмей, толық қабыл етпей турып, биз ғәрезсизлик дәўириниң мәнаўиятын да, идеологиясын да, жетик инсанды да қәлиплестире алмаймыз. Демек, мәнаўий тәрбиялылық ой-пикирлерди қабыл етиў - ҳәр бир заманагөй инсанның мәнаўий бай шахс болып қәлиплесиўиниң шәртли белгилеринен есапланады. Бул мәнаўий мийрастың әҳмийети туўралы Биринши Президентимиз И.А.Каримов былай деп көрсетеди: «Бул ғәзийне инсанға турмыста турақлылық бағышлайды. Оның көзқараслары әйтеўир тек материаллық байлық арттырыў жолы менен күн көриўге жол қоймайды, ең қыйын ўақытларда да аман сақлап қалады ҳәм материаллық қыйыншылық күнлерде де еркин беккемлейди» [1:48].

Биз бурыннан киятырған бай тарийхқа ҳәм мәнаўий мийрасқа ийе халықпыз. Ҳәр бир әўладтың ўазыйпасы оларды сақлаў ҳәм байытып барыўдан ибарат. Себеби, өз тарийхын билмеген, мәнаўий ҳәм мәдений мийрасына ийелик ете алмаған журттың келешеги жарқын болмайды. Бул ўазыйпа тек ғана улыўма халыққа ямаса бир миллетке тийисли болып қоймастан, ҳәр бир инсан ушын үлкен әҳмийетке ийе.

**Әдебиятлар**


1. Каримов И.А. Жоқары мәнаўият жеңилмес күш. – Ташкент: «Мәнаўият», 2008.
2. Руўхыйлық тийкарлары. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2009.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада маънавий меросларимиз туб илдизларига, эътибор қаратилган шунингдек, унда маданий меросимизнинг ажралмас бир қисми ҳисобланган одоб-ахлоқ меъёрлари, дастурлар, урф-одатлар, байрамлар ҳақида сўз юритилган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается изучению духовного наследия, морально-нравственных норм поведения являющихся частью культурного наследия, а также традиций, обычаев и праздников каракалпакского народа.

**SUMMARY**

The article is devoted to the study of spiritual heritage, moral norms of behaviour, that is a part of cultural heritage, and traditions, customs and holidays of the Karakalpak people.